# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 अक्टूबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

वायु सेना आजु आपन इक्यानबवां वर्षगांठ मना रहल हौ। येह मौका पर मुख्य आयोजन प्रयागराज में कइल गइल। बमरौली वायु सेना केंद्र में भिन्नहीं शानदार परेड आयोजन कइल गइल। वायुसेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल वी.आर. चौधरी परेड क सलामी लिहलें। येह मौका पर थल सेना प्रमुख जनरल अनिल चौहान अउर मध्य हवाई कमान क जनरल ऑफिसर इन कमांड एयर मार्शल आर.जी.के. कपूरों मौजूद रहलें।

वायु सेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल वी.आर. चौधरी परेड में वायुसेना क नया ध्वज क अनावरण कइलें। एकरे खातिर वायुसेना क पुरान झंडा के उतार के सम्मानपूर्वक वायुसेना प्रमुख के सौंपल गइल। अब येह ध्वज के वायुसेना संग्रहालय में प्रदर्शित कइल जाई। वायुसेना प्रमुख चार इकाइयन के प्रशस्ति–पत्रो सौंपलें। एहमें 16 स्क्वाड्रन, 142 हेलीकॉप्टर यूनिट, 901 सिग्नल यूनिट अउर 3 बेस रिपेयर डिपो शामिल हौ।

येह मौका पर वायुसेना प्रमुख कहले कि वायुसेना क शक्ति, शांति काल अउर युद्ध काल–दुन्नों में उपयोगी रहलें। एकरे खातिर हम्मन के नया तकनीकन के अपनावत रहे के होई ताकि हम्मन के नया उभरल चुनौतियन क मुकाबला कइ सकीं। एयर चीफ मार्शल श्री चौधरी बतवले कि येह बरिस क वायुसेना दिवस क विषय हौ–भारतीय वायुसेना–वैश्विक हवाई शक्ति। येह बरिस वायुसेना मित्र देसन के साथे आठ अभ्यासन में हिस्सा लिहलें। उहां के कहलीं कि वायुसेना में पुरुष अउर महिला अग्निवीरन के पहिला बैच के शामिल कइल गइल हौ।

येह बरिस वायुसेना दिवस पर परेड क नेतृत्व, पहली बेर, कवनो महिला अधिकारी माने कि ग्रुप कैप्टन शालिजा धामी कइलिन। पहिली बेर, महिला सैन्य कर्मियन क टुकड़ी परेड में शामिल भइल जेहमें अग्निवीर वायु महिला लोगि भी शामिल रहलिन। स्काई पैरा जंपर्स शानदार स्टंट से दर्शकन के मंत्रमुग्ध कइ दिहलें।

इकरे बाद दुपहरिया करीब तीनि बजे से प्रयागराज में संगम के ऊपर वायुसेना क लड़ाकू विमानन हैरतअंगेज हवाई करतब देखवलें। एहमें राफेल, चेतक, चिनूक, तेजस, डकोटा मिराज सहित सौ युद्धक अउर परिवहन विमान तथा हेलीकॉप्टर शामिल रहलें।

सूर्य किरण एयरोबैटिक टीमि भी आसमान में अपने शौर्य क प्रदर्शन कइलें। इकरे अलावे मिग–इक्कीस लड़ाकू विमानन के आजु औपचारिक विदाई दिहल गइल अउर सी–दुई सौ पन्चानबे परिवहन विमानन के वायुसेना में शामिल कइल गइल। संगम तट के सज्जो ओरि, शास्त्री पुल, अरैल घाट, झूंसी क तरफ अउर आसपास के इलाकन में लाखों लोगि वायु सेना के येह अद्भुत हवाई प्रदर्शन क साक्षी बनलें। येह मौका पर प्रदेश के औद्योगिक विकास मंत्री नंद गोपाल गुप्ता नंदीयो मौजूद रहलें।

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उप–राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ वायुसेना दिवस पर वायुसेना कर्मियन अउर उनकरे परिवारन के बधाई दिहले हवें।

**********

केंद्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण आजु बनारस के काशी हिंदू विश्वविद्यालय में आईआईटी–बीएचयू की ओरि से आयोजित स्टूडेंट काउंसलिंग कार्यक्रम क सुरूआत कइलीं। येह मौका पर उहां के येह प्रतिस्पर्धात्मक दौर में छात्र–छात्रा लोगिन को तनाव से बचले क सलाह दिहलीं। वित्त मंत्री कहलिन कि नौजवानन पर अपने भविष्य निर्माण बदे अउरियो दबाव होला, जहसे ऊ कई बेर तनाव क शिकार हो जाले। केंद्रीय मंत्री कहलिन कि नौजवान आपन कार अउर जिनगी में संतुलन स्थापित कइ के तनाव से बचि सके लें। उहां के कहली कि केंद्र सरकार येह बरिस के बजट में बारह सौ करोड़ रुपिया मानसिक स्वास्थ्य बदे आवंटित कइले हवें जेकर लाभ लोगिन के मिलि रहल हौ। उहां के कहलीं कि इकरे अलावे आयुष्मान भारत योजना क तहत मानसिक रोगियन के इलाज क व्यवस्था कइल गइल हौ। येह मौका पर विद्यार्थी लोगि वित्त मंत्री से सवालों पूछलें। कार्यक्रम में आईआईटी–बीएचयू क निदेशक पीके जैन के सथही बड़हन संख्या में छात्र–छात्रा मौजूद रहलें।

**********

जौनपुर जिला क लोगि के जलदिये निर्बाध बिजली आपूर्ति मिली। पूर्वांचल विद्युत वितरण जौनपुर क अधीक्षण अभियंता प्रथम विवेक खन्ना कहले रिवैम्प्ड योजना के तहत जिला में नया बिजली लाइन, ट्रांसफार्मरन क क्षमता वृद्धि, जर्जर तारन अउर खंभन के बदलल जाई। उहां के कहलीं कि येह पर करीब 400 करोड़ रूपिया क लागत आई, जेकर प्रस्ताव बना के शासन के भेज दिहल गइल हौ। बजट स्वीकृत भइले पर कार करावल जाई। उहां के बतवली कि जिला में 16 नया सब स्टेशनो क निर्माणो करावल जाई।

**********

बस्ती जिला में आजु नेशनल एसोसिएशन ऑफ यूथ की ओरि से मिनी मैराथन क आयोजन कइल गइल। एहमें करीब चारि हजार धावक लोगि भाग लिहलें। सांसद हरीश द्विवेदी शास्त्री चौक से मिनी मैराथन के हरिहर झंडा देखवलीं। कुलि सात किलोमीटर क इ दौड़ कंपनी बाग, गांधी नगर, रोडवेज क राहि से जिलाधिकारी कार्यालय से होत वापस शास्त्री चौक पर खतम भइल। पुरुष वर्ग में अजोध्या स्टेडियम के प्रिंस राज यादव 16 मिनट 50 सेकंड में दौड़ पूरा कइ के पहिला स्थान प्राप्त कइलें। महिला वर्ग में गोविंद कलहंस एकेडमी वाल्टरगंज क डिंपल सिंह 21 मिनट 42 सेकंड में दौड़ पूरा कइ के प्रथम स्थान प्राप्त कइलिन। इकरे अलावे 70 वर्षीय कोतवाल सिंह ने सबसे बेसी आयु वर्ग में दौड़ पूरा कइ के पहिला पुरस्कार प्राप्त कइलें।

**********